

Kijan Pou Montre FEMA ke ou se Mèt Kay e Ke Ou Abite Ladan

Release Date: Nov 7, 2024

Kòm yon pati nan pwosesi asistan a dezaz la, FEMA dwe detèmine [kiyès ki mèt kay la yo e kiyès ki te abite ladan yo pou](#) rezidans prensipal ki domaje yo. Gen plizyè fason moun Florid ki te afekte nan siklòn Milton, Helene oswa Debby ka bay enfòmasyon sa yo.

Pwopriyetè

Pwopriyetè kay yo ka bay dokiman ofisyèl tankou:

- Sitifika oswa Dosye Ofisyèl
- Dokimantasyon Ipotèk (mortgage)
- Asirans estriktirèl oswa pwopriyete reyèl
- Resi taks sou pwopriyete oswa bòdwo taks sou pwopriyete
- Sètifika oswa tit fabrikasyon kay
- Lèt pak kay mobil
- Dispozisyon Imobilye
- Kontra Acha
- Kontra pou Anplasman Tè
- Akt Renonsiyasyon
- Sètifika Vant oswa Kosyon Pou Tit
- Testaman oswa Afidavi Eritye
- Dokiman Tribinal

Anplis de sa, FEMA aksepte lèt oswa resi yon ofisyèl piblik pou gwo reparasyon oswa amelyorasyon. Deklarasyon ofisyèl piblik la (pa egzanp, chèf lapolis, majistra, postmaster) dwe gen ladan non aplikan an, adrès rezidans ki te domaje nan katastwòf la, deklarasyon ke aplikan an oswa ko-aplikan an te posede rezidans ki te andomaje nan katastwòf la ak non ak nimewo telefòn ofisyèl ki bay verifikasyon an. Deklarasyon ofisyèl la dwe date nan yon espas de 18 mwa otou de peryòd asistans lan.



FEMA

Page 1 of 2

Moun Florida ki gen kay mobil oswa trelè vwayaj ki pa gen dokiman tradisyonèl pou pwopriyetè a ka sètifye pwòp tèt yo pwopriyetè kòm yon dènnye rekou.

Prèw Pwopriyetè Eritye: Yo deklarasyon alekri pou deklare pwòp tèt ou kòm dènnye rekou pou moun ke rezidans yo se eritye yo te eritye li.

Lokatè

Pwopriyetè kay ak lokatè yo dwe dokimante ke yo te okipe kay la nan moman dezans la. Aplikan yo ka bay dokiman ofisyèl tankou:

- Bòdwo sèvis piblik yo, deklarasyon labank oswa kat kredi, bòdwo telefòn yo, elatriye.
- Yon lèt travay
- Kontra lwaye alekri
- Resi lwaye
- Deklarasyon ofisyèl piblik

Lisans pou kondwi, kat idantite leta bay, oswa kat anrejistremant elektè ki reflekte non aplikan an oswa ko-aplikan an ak adrès rezidans ki domaje nan katastwòf la.

FEMA pral aksepte tou anrejistremant veyikil, lèt ki soti nan lekòl lokal yo (piblik oswa prive), founisè benefis federal oswa leta, òganizasyon sèvis sosyal oswa dokiman tribinal.

Aplikan yo ka sèvi ak yon deklarasyon ki siyen tou de yon pwopriyetè pak komèsyal oswa kay mobil, oswa pwòp tèt ou sètifikasyon pou yon kay mobil oswa trelè vwayaj kòm yon dènnye rekou.

Pou jwenn dènnye enfòmasyon sou rekiperasyon Siklòn Milton, vizite fema.gov/ht/disaster/4834. Pou Siklòn Helene, vizite fema.gov/ht/disaster/4828. Pou Siklòn Debby, vizite fema.gov/disaster/4806. Swiv FEMA sou X nan x.com/femaregion4 oswa sou Facebook nan facebook.com/fema.

###



FEMA

Page 2 of 2